

Plan endividyalize pou enstriksyon adomisil (Individualized Home Instruction Plan, IHIP) pou klas 1ye-6yèm ane

Ane lekòl _____

EKSPLIKASYON POU RANPLI IHIP A

- Yo dwe voye IHIP a nan espas 28 jou kòmansman lekòl adomisil la kòm yon kopi PDF nan homeschool@schools.nyc.gov.
- Tanpri ranpli chak seksyon IHIP a epi mete tout enfòmasyon yo mande yo.
- IHIP a **dwe** gen ladan:
 - Laj timoun lan ak nivo klas li.
 - Yon lis pwogram, materyèl ansèyman, liv lekòl oswa plan ansèyman yo dwe itilize pou chak matyè ki obligatwa nan lis ki pi ba a.
 - Dat pou voye rapò nan yon tan ki byen repati an kat trimès pandan ane lekòl la (1ye jiyè - 30 jen).
 - Non moun k ap bay enstriksyon an(yo).
- Si w ap itilize yon pwogram sou entènèt, fè nou konnen non kou a ak nivo klas la.
Pa egzanp: Time4Learning – Matematik, klas 5yèm ane.
- Sonje byen elèv lekòl adomisil ki nan klas 1ye-6yèm ane dwe gen yon minimòm 900 èdtan ansèyman pa ane.

ENFÒMASYON SOU ELÈV LA		
Siyati:		Non:
Dat nesans:		Nivo klas:
Nimewo ID elèv NYC ki nèf 9 dijital (si w konnen li):		
ENFÒMASYON PARAN		
Siyati:		Non:
Adrès kay li:		Apt. #:
Vil:	Eta: NY	Kòd postal:
Telefòn kay:	Lòt Telefòn:	Adrès imèl:

Non moun k ap bay enstriksyon :	
Siyati:	Non:

Mwen konfime pitit mwen an, _____, pral satisfè egzijans edikasyon obligatwa NYSED CR Part 100.10 pou ane lekòl _____.

Siyati paran: _____ Dat: _____

Bay materyèl kourikoulòm, liv, pwogram oswa plan ansèyman pou chak matyè.

MATYÈ	Silabus, matyè kourikoulòm, liv <u>oswa</u> plan enstriksyon
Aritmetik	
Lekti	
Òtograf	
Redaksyon	
Lang anglè	
Jewografi	
Istwa Etazini	
Syans	

MATYÈ	Silabus, matyè kourikoulòm, liv <u>oswa</u> plan enstriksyon
Edikasyon Sante	
Mizik	
Art Vizyèl	
Edikasyon fizik (Physical Education, PE)	
Edikasyon bileng ak/oswa anglè kòm yon nouvo lang kote yo bezwen li.	
Yo dwe etidye matyè sa yo nan klas K-12:patriyotis ak sitwayènte; edikasyon sante konsènan alkòl, move itilizasyon dròg ak tabak; sekirite sou otowout ak règleman sikilasyon, ki genyen ladan sekirite bisiklèt; ak sekirite ak prevansyon ensandi ak dife.	
Yo dwe anseye omwen youn nan klas sa yo pandan uit premye ane yo. Istwa Etazini, Istwa Eta Nouyòk, ak Konstitisyon Etazini ak Konstitisyon Eta Nouyòk	

Dat pou rapò chak trimès yo: Ou oblije voye rapò chak trimès sou pwogrè pitit ou a pandan tout ane a. Si ou te kòmanse lekòl adomisil apre premye pati nan ane a, ou pral sèlman bezwen voye rapò ale pou trimès ki rete yo.

Rapò	Dat pou fè evalyasyon an:
Rapò pou premye trimès <i>Dat yo sigjere-15 Nov</i>	
Rapò pou dezyèm trimès <i>Dat yo sigjere-31 Jan</i>	
Rapò pou twazyèm trimès <i>Dat yo sigjere-15 Avril</i>	
Rapò pou katriyèm trimès <i>Dat yo sigjere-30 Jen</i>	

Evalyasyon anyèl:

Chak ane, elèv lekòl adomisil dwe fè yon evalyasyon anyèl pou montre pwogrè akademik. Pou satisfè egzijans sa a, evalyasyon pitit ou a dwe swa nòt ki pi wo pase 33yèm *percentile* nan yon egzamen ofisyèl oswa montre omwen yon ane pwogrè akademik konpare avèk egzamen ane avan an.

Paran oswa responsab ki sou lis nan plan enstriksyon endividyèlize pou enstriksyon adomisil la (IHIP) ekri kisa ki pral nan evalyasyon an, achte, bay, epi korije yon egzamen reyisit ki baze sou nòm yo pibliye komèsyalman. Delè evalyasyon anyèl pitit ou a se 30 jen.

Opsyon evalyasyon anyèl dapre nivo klas

Klas 1ye–3yèm ane: Ou dwe chwazi swa yon deklarasyon alekri oswa yon egzamen ofisyèl. Yon deklarasyon alekri se yon rapò tou kout ki fè rezime pwogrè pitit ou a, mete aksan sou reyalizasyon kle yo, epi dekri plan pou pwochen klas la.

Klas 4yèm–8yèm ane: Yo mande egzamen ofisyèl chak dezan. Nan lòt ane a, ou ka voye yon deklarasyon alekri pito. Pa egzanp, si pitit ou a pran yon egzamen ofisyèl nan klas 4yèm ane, ou ka voye yon deklarasyon alekri ale nan klas 5yèm ane.

Pou elèv ki nan klas K-12yèm ane **ki gen IESP ki mande yon lòt evalyasyon**, evalyasyon anyèl la ka yon evalyasyon alekri oswa yon pòtfolyo ki gen reyalizasyon akademik timoun lan parapò avèk kamarad li yo.

Si ou konnen, tanpri fè si w pral itilize deklarasyon alekri oswa egzamen ofisyèl leta apwouve pou evalyasyon anyèl ki obligatwa a oswa fè nou konnen chwa ou pou rapò twazyèm trimès la.

Chwazi youn nan lis sa a:

- ☐ Deklarasyon alekri: Pou elèv ki nan klas 4yèm-8yèm ane, yo pa ka itilize sa a pa plis pase chak dezan.
- ☐ Egzamen ELA/Matematik NYSED: Se nan yon lekòl leta oswa lekòl prive ki apwouve ou dwe pran egzamen sa yo. Si w ta renmen pitit ou a pran egzamen Regents oswa egzamen ELA/Matematik Eta Nouyòk la, tanpri kontakte yon lekòl lokal pou w enskri pitit ou a pou egzamen an. Tanpri sonje sa a se si direktè a vle. W ap bezwen prèv vaksinasyon pou patisipe nan egzamen nan yon bilding lekòl.
- ☐ Egzamen kapasite debaz Iowa
- ☐ Egzamen Akonplisman Kalifòni
- ☐ Egzamen Akonplisman Stanford
- ☐ Egzamen kapasite debaz konplè
- ☐ Egzamen Akonplisman Metwopoliten
- ☐ P.A.S.S. Egzamen
- ☐ Lòt Evalyasyon IESP